



Pou Piblikasyon Imedya: 15/07/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONSTRIKSYON KÒMANSE NAN YON  
DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB AK SIPÒ KI KOUTE 270 MILYON DOLA KI GEN  
385 INITE NAN BROOKLYN**

***Premye pwojè pwogram Innovative Urban Village an plizyè faz la pral redevlope  
kanpis Sant Kiltirèl Kreyen an***

***Devlopman an gen ladan l yon espas komèsyal pou yon makèt ki ofri pwodui fre***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke konstriksyon ap kòmanse nan Faz 1A Innovative Urban Village (Vilaj Iben Inovon), yon devlopman lojman abòdab ki gen 385 inite ak espas komèsyal pou yon magazen manje fre nan katye East New York nan Brooklyn. Pwojè 270 milyon dola a fè pati redevlopman konplè kanpis Sant Kiltirèl Kreyen (Christian Cultural Center) an. Imaj evènman yo ak imaj pwojè yo disponib [isit la](#). Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk te finanse plis pase 7,700 kay abòdab nan Brooklyn. Innovative Urban Village kontinye efò sa a ak konplete plan lojman pou senkan 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki sou wout pou l kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a.

"Nouyòk rete angaje pou kenbe eta nou an abòdab epi asire tout moun gen yon kay an sekirite ak modèn pou yo rele pa yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa a ap ede nou konbat kriz abòdablite lojman an pandan l ap bay priyorite tou pou amelyorasyon ki pral fè katye a pi agreyab pou fanmi yo. Innovative Urban Village pa t ap posib san koperasyon tout patnè nou yo, tankou Majistra Adams ak Sant Kiltirèl Kreyen an, ki dedye a fè Nouyòk vin yon kote ki pi abòdab pou moun viv. Nou pa ka tann pou pwojè a fini epi pou nou akeyi rezidan yo lakay yo."

**Majistra Vil Nouyòk la, Eric Adams, te deklare,** "Pi bon fason pou nou adrese kriz lojman nan vil nou an se bati plis lojman abòdab, e se egzakteman sa administrasyon nou an ap fè. Innovative Urban Village la pral pote plis kay, plis travay, ak plis lajwa nan Brooklyn, tout pandan l ap bay plis Nouyòkè aksè ak yon avni ki pi briyan nan kominote vibran sa a. Soti nan kreye yon kantite lojman abòdab san parèy ane apre ane rive nan adopte yon refòm zonaj istorik ki pral konstwi nouvo kay nan tout vil nou an, nou fyè dèske nou se administrasyon ki pi pro-lojman nan listwa vil nou an. Mèsi.

Gouvènè Hochul ak Reveran Bernard pou vizyon pataje yo ak patenarya yo nan reyalize pwojè anbisye sa a."

Tout 385 apatman yo ap nan pri abòdab pou fwaye k ap touche ant 30 pousan ak 80 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan. Anplis de sa, yo pral rezève 94 apatman pou fanmi ki kalifye pou sèvis sipò sou plas, tankou moun k ap lite ak sitiyasyon sanzabri yo. Sèvis yo ap gen ladan yo jesyon dosye, sèvis legal, sipò nitrisyonèl, ak sèvis sosyal.

Innovative Urban Village pral gen chofaj ak klimatizasyon ki konplèman elektrik, pano solè, twati vèt ak vejetasyon ki reziste kont sechrès pou diminye konsomasyon chalè ak dlo, estasyon rechaje veyikil elektrik, enstalasyon ki gen debi ki fèb, ekleraj LED, ak aparèy ENERGY STAR yo.

Pwojè sa a fè pati yon pwogram plizyè faz pou redevlope kanpis Sant Kiltirèl Kretyen an. Redevlopman an se yon patenarya ant Sant Kiltirèl Kretyen an, Òganizasyon Gotham nan, ak Devlopman Monadnock. Li te fèt pa Practice for Architecture and Urbanism ansanm ak SLCE Architects. Urban Resource Institute (Enstiti Resous Iben) an ap bay sèvis sipò sou plas.

Pwogram plizyè faz la pral finalman gen ladan l yon total prèske 2,000 apatman abòdab nan 10 bilding. Li pral genyen tou yon espas kominotè ak gadri, sèvis pou granmoun aje, devlopman mendèv, ak yon nouvo sant pou pèfòmans atistik. Yo ap ajoute nouvo lari kòm yon ekstansyon nan rezo lari katye a ki deja egziste a pou maksimize kapasite pou mache apye atravè wout pyeton yo ki konekte youn ak lòt ak yon ekta tè espas ouvè ki aksesib piblikman.

Vil Nouyòk la te apwouve chanjman zonaj sit pwojè a pou akomode redevlopman an.

Pwogram Federal Kredi Taks Lojman Pou Moun Ki Gen Revni Ba HCR la ap sipòte Innovative Urban Village, ki prevwa jenere plis pase 115 milyon dola an ekite ak 47 milyon dola nan men Ajans Finansman Lojman li an. Sipò adisyonèl la gen ladan l 47 milyon dola ki soti nan Pwogram Abòdablite pou Moun ki gen Revni Ekstrèmeman Ba ak ki gen Revni Trè Fèb ak Fèb nan Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development, HPD) Vil Nouyòk la. Pwojè a resevwa sipò tou nan men Urban Investment Group nan Goldman Sachs Alternatives.

Sit la ap patisipe nan Pwogram Netwayaj Ansyen Sit Endistriyèl (Brownfield Cleanup Program) Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta Nouyòk ki gen siksè a, epi lè li fini, li pral kalifye pou 28 milyon dola nan kredi taks ke Depatman Taks ak Finans (Department of Taxation and Finance, DTF) Eta Nouyòk la administre. Se Inisyativ Sipò Lojman Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) ke Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta Nouyòk la administre ki pral bay finansman fonksyonman.

Anons jodi a apiye tou sou plan "Vil Wi" Gouvènè Hochul ak Majistra Adams la pou kreye plizyè milye nouvo kay atravè vil la epi devlope plis katye ki adapte ak fanmi yo soti Coney Island rive Inwood.

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk (New York State Homes and Community Renewal) la, RuthAnne Visnauskas, te deklare** "Nou kontan fè pati transfòmasyon global k ap fèt nan East New York la epi nou kwè investisman 162 milyon dola nou an nan Innovative Urban Village pral benefisye katye sa a ak 385 kay pou plizyè ane k ap vini yo. Mwen rekonesan anè Gouvènè Hochul ak Vil Nouyòk, Sant Kiltirèl Kreyen an, Òganizasyon Gotham, Monadnock, ak tout patnè nou yo pou vizyon ak devouman yo nan rann pwojè sa a posib."

**Komisè Biwo Eta Nouyòk pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape, Barbara C. Guinn, te deklare,** "Lojman sipò pèmanan ki pral kreye nan Innovative Urban Village la pral bay moun ak fanmi ki te sanzabri yon kote pou yo rele lakay yo ansanm ak aksè sou plas ak sèvis sipò esansyèl ki pral ede yo rete nan yon lojman estab pou plizyè ane k ap vini yo. Nou rekonesan anè tout patnè eta ak lokal nou yo nan kad pwojè enpòtan sa a epi anè Gouvènè Hochul paske li te fè investisman istorik pou ogmante rezèv lojman abòdab ak sipò nan tout Eta Nouyòk."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta Nouyòk, Amanda Lefton, te deklare,** "Lè nou netwaye polisyon anviwònmanal nan kominote tankou Brooklyn, sa debloke investisman nan bezwen enpòtan tankou lojman abòdab, sèvis lojman tranzisyon ak epas komonotè. Pwogram Netwayaj Ansyen Sit Endistriyèl Eta Nouyòk la se yon zouti vital ki sipòte revitalizasyon kominote a atravè eta a epi pwojè Innovative Urban Village nan East New York se yon bèl egzanp fason pwogram netwayaj siksè sa a ap ede avanse efò kontinyèl Gouvènè Hochul pou ogmante kantite lojman ki abòdab, dirab nan tout eta a pandan l ap pwoteje sante piblik ak anviwònman an."

**Komisè Enterimè Depatman Prezèvasyon ak Konstriksyon Lojman Vil Nouyòk la, Ahmed Tigani, te deklare,** "Pwojè tankou Innovative Urban Village reprezante plis pase konstriksyon lojman — yo bay lavi ak yon pwomès ke yo te fè pèp Brooklyn nan ak vil nou an: ke devlopman ka anrasinen nan ekite, fason pa kominote a, epi gide pa swen. Faz 1A a se jis yon pati nan yon vizyon ki pi laj ki gen ladan plizyè bilding pou plizyè itilizasyon ak ekipman kominotè ak prèske 2,000 kay, ki gen ladan lojman sipò pou Nouyòkè k ap soti nan sitiyasyon sanzabri a."

**Direktè Depatman Planifikasyon Vil Nouyòk la, Dan Garodnick, te deklare,** "Innovative Urban Village la se yon gwo egzanp sou kijan planifikasyon entelijan ka sipòte fanmi yo nan chak etap nan lavi yo. Avèk lojman abòdab ki limite revni ansanm ak gadri, sèvis pou granmoun aje, lari ki adapte ak pyeton, espas ouvè, ak plis ankò, bijou sa a nan East New York pral sèvi kòm yon modèl pou katye vibran atravè vil la."

**Prezidan Kòporasyon Devlopman Lojman Vil Nouyòk, Eric Enderlin, te deklare** "HDC fyè pou sipòte pwojè dinamik sa a ki gen plizyè faz, ki pral bay lojman abòdab ki nesèsè anpil pou Nouyòkè ki gen ti revni ak moun ki te sanzabri anvan yo. Anplis nouvo

kay abòdab, Innovative Urban Village la pral bay espas komèsyal ak kominotè ki pral benefisyè katye East New York la pou plizyè ane k ap vini yo. Felisitasyon a tout patnè nou yo ki rive nan dènye etap enpòtan sa a."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Nouyòkè yo merite aksè a lojman abòdab, an sekirite, epi modèn. Devlopman sa a pral ede revitalize kanpis Sant Kiltirèl Kretyen an, bay sèvis sipò esansyèl pou moun ki pi vilnerab yo, epi pote yon lòt makèt ki vrèman nesèsè nan East New York. Mwen pa ka tann pou m wè enpak pozitif pwojè sa a pral genyen epi m ap kontinye goumen pou finansman federal pou elaji lojman abòdab nan eta nou an ak atravè peyi a."

**Lidè Demokrat Chanm lan, Hakeem Jeffries, te deklare,** "Isit la nan Etazini, lè ou travay di epi ou respekte règ yo, ou ta dwe kapab viv yon bon lavi. Nan sant lavi sa a gen yon kote ki an sekirite epi abòdab pou moun viv, men pou twòp Nouyòkè, reyalite sa a pa posib. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul, Pastè AR Bernard ak patnè devlopman yo paske yo te kòmanse konstriksyon Innovative Urban Village la nan kanpis Sant Kiltirèl Kretyen an, ki pral bay lojman an sekirite, dirab ak abòdab pou plizyè santèn fanmi Brooklyn ke mwen gen privilèj pou reprezante yo."

**Senatè eta a, Roxanne J. Persaud, te deklare,** "Dezyèm faz konstriksyon Innovative Urban Village la se yon opòtinite fòmèdab pou bay plis pase katan kay abòdab nan East New York. Pwojè sa a pa sèlman ede adrese defisyan lojman yo, men tou li ankouraje yon lavi ekite ak dirab pou kominote nou an pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen kontan anpil pou lavni kominote nou an."

**Prezidan Minisipalite Brooklyn lan, Antonio Reynoso, te deklare,** "Lè nou bati lojman abòdab ansanm ak resous esansyèl tankou aksè ak manje fre, n ap envesti nan sante, diyite ak opòtinite. Mwen felisite Gouvènè Hochul ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote NYS paske yo fè vizyon sa a tounen yon reyalite nan East New York epi paske yo bay yon egzanp pisan sou sa lojman abòdab ye lè li anrasinen nan kominote a ak ekite."

**Manm Konsèy Vil Nouyòk, Farah N. Louis, te deklare,** "Depi lè mwen te antre an fonksyon an, mwen te goumen pou asire ke vil nou an ta fè yon patenarya enpòtan ak klèje nou an pou pote kapital lojman abòdab ki nesèsè anpil nan Brooklyn Santral. Mwen te travay ansanm ak Reveran A.R. Bernard pou defann vizyon sa a, epi mwen felisite Gouvènè Hochul ak administrasyon li an paske yo te fè avanse pwojè ki pote transfòmasyon sa a nan li final la pou amelyore kominote East New York la. Mwen kwè pwojè sa a pral bay opòtinite pou pwochen jenerasyon an, epi mwen anvi wè lidèchip vizyonè sa a, patenarya kominotè, ak pwojè valè pataje sa a kreye chanjman dirab pou Brooklyn ak vil nou an."

**Chris Banks, yon manm Konsèy Minisipal Vil Nouyòk, te deklare,** "Pwojè redevlopman Innovative Urban Village la sou kanpis Sant Kiltirèl Kretyen an pral yon investisman transfòmasyonèl nan 42è Distri Konsèy la. Mwen fyè pou m patisipe nan yon pwojè ki bay lojman ki vrèman abòdab. Se konsa nou bati epi kenbe katye yo pandan

plizyè jenerasyon epi se konsa nou kòmanse bati richès jenerasyonèl Nwa ak Maron nan fason reyèl ak tanjib."

**Pastè Prensipal Sant Kiltirèl Kretyen an, Rev. A. R. Bernard, te deklare,** "Se enkwayab pou m kanpe bò kote chak patnè, ofisyèl eli ak manm kominote a ki te travay ansanm pou fè Innovative Urban Village la tounen yon reyalite. Nou gen konfyans ke y ap santi efè kominote dinamik sa a pou revni miks odela East New York, sa ap trase yon egzanp pou tout Nouyòk swiv."

**PDG Òganizasyon Gotham lan, David L. Pickett, te deklare,** "Inogirasyon jodi a se yon moman enpòtan pou Gotham ak pou vil fanmi mwen rele lakay li depi plis pase yon syèk. Innovative Urban Village la reflekte valè fondamantal nou yo antanke yon konpayi—livre lojman kalite siperyè ki satisfè bezwen vrè Nouyòkè yo tout pandan y ap ranfòse fabrik katye nou yo. IUV se rezilta vizyon, patenarya, ak pèsèverans, epi nou fyè pou n travay avèk patnè nou yo pou nou ka reyalize li. Se yon egzanp pwisan sou sa ki ka rive lè sektè piblik la ak sektè prive a mete tèt ansanm avèk yon objektif."

**Prezidan Devlopman Òganizasyon Gotham, Bryan Kelly, te deklare,** "Moman sa a se rezilta plizyè ane kolaborasyon devwe avèk patnè nou yo, lidè kominotè yo, ak ajans vil la yo. N ap kreye yon katye ki priyorize abòdablite, dirabilite, ak opòtinite pou tout moun. Nan Gotham, nou kwè pwofondman nan pouvwa devlopman ki byen planifye pou amelyore kominote yo, epi ansanm ak patnè nou yo ak moun ki gen enterè lokal yo, nou te prevwa Inovative Urban Village pou etabli yon nouvo estanda pou devlopman lojman alavni. Sa a se yon gwo pa annavan nan direksyon yon Vil Nouyòk ki pi enklizif e ekkitab."

**Prezidan Devlopman Monadnock, Kirk Goodrich, te deklare,** "Innovative Urban Village la rakonte istwa Pastè Bernard, Gotham ak Monadnock ki deside ede moun ki nan bezwen olye jis jwenn inite lojman. Konsantrasyon kolektif nou an ap transfòme lavi ak kominote yo. Mwen fyè de sa n ap fè a epi mwen kontan wè enpak vizyon final la pral genyen."

**Direktè Egzekitif Jeneral Urban Resource Institute, Nathaniel Fields, te deklare,** "Pou plis pase 40 ane, Urban Resource Institute — pi gwo founisè sèvisabri ak sipò nan peyi a — te yon lidè nan swen ki baze sou chòk pou sivivan vyolans domestik ak moun ki ap fè fas ak ensèkrite lojman yo. Nan Innovative Urban Village la, nou pa sèlman ofri lojman — n ap bay tout fòs sèvis konplè nou yo pou ede rezidan yo geri epi rebati. Soti nan planifikasyon sekirite ak defans legal rive nan otonomizasyon ekonomik, nou rankontre sivivan yo kote yo ye a epi nou mache avèk yo nan direksyon yon estabilite dirab. Pwojè sa a se yon gwo pa annavan nan direksyon misyon URI pou mete fen nan sik vyolans, sanzabri, ak povrete — epi kreye yon avni kote sivivan yo pa sèlman siviv men pwospere."

**Fondatè ak Direktè Kreyatif Practice for Architecture and Urbanism (PAU), Vishaan Chakrabarti, te deklare,** "Pwojè sa a te pran plis pase yon deseni nan preparasyon, epi li te yon vrè travay ki fèt ak lanmou. Li se sou pran yon espas iben ki

pa itilize ase epi kreye yon kominote enklizif ki ofri diyite, establiite, ak yon sans kay pou Nouyòkè yo atravè yon pakèt nivo revni. Wè li retounen jwenn lavi gen yon gwo siyifikasyon."

**Prezidan Gwoup Envestisman Iben nan Goldman Sachs Alternatives, Asahi Pompey, te deklare,** "Goldman Sachs wè Innovative Urban Village kòm plis pase yon konstriksyon fizik. Envestisman nou an se yon peman inisyèl sou potansyèl East New York, pou kreye plizyè milye kay ki gen kalite siperyè ak abòdab ansanm ak sèvis esansyèl ki pral nourri vitalite ekonomik kominote a."

**Jane Silverman, Direktè Egzekitif J.P. Morgan Community Development Banking, te deklare,** "Nou onore pou nou fè pati pwojè Faz 1B Innovative Urban Village la, yon devlopman transfòmasyon ki reprezante lespri kominote ak kolaborasyon. Pwojè sa a se yon temwayaj sou sa ki ka reyalize lè sektè piblik la ak sektè prive a mete tèt ansanm. Nan J.P. Morgan, angajman nou an vè Brooklyn ak rezidan li yo se yon angajman pwofon, epi nou fyè pou nou sipòte kreyasyon lojman abòdab ki pral sèvi kòm fondasyon pou yon kominote pwospè nan East New York."

### **Agenda Lojman Gouvènè Hochul la**

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi vivab pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 yo Adopte a, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman Nouyòk la atravè nouvo ankourajman taks, finansman kapital, ak nouvo pwoteksyon pou lokatè ak pwopriyetè kay yo. Baze sou angajman sa a, Bidjè Ane Fiskal 2026 yo Adopte a gen ladan l plis pase 1.5 milya dola nan nouvo finansman Eta pou lojman, yon pwogram pilòt Kupon Aksè ak Lojman, ak nouvo règleman pou amelyore abòdablite pou lokatè ak achtè kay yo. Mezi sa yo konplete Plan Lojman senk ane Gouvènè a, ki koute 25 milya dola, ki enkli nan Bidjè Ane Fiskal 2023 yo Adopte a, pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon 50,000 kay anplis. Yo te kreye oswa konsève plis pase 60,000 kay jiska dat.

Bidjè yo te adopte pou ane fiskal 2025 ak 2026 yo te ranfòse tou Pwogram Kominote an Favè Lojman Gouvènè a — ki pèmèt lokalite sètifye yo jwenn aksè eksklizif ak jiska 750 milyon dola nan finansman diskresyonèl Eta a. Kounye a, plis pase 300 kominote te resevwa sètifikasyon an Favè Lojman, enkli Vil Nouyòk.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)